Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 34 (7435)
2 Сентябрь 2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# ЦIияб ЦIалул Сонгун!



**ХIурматиял Унсоколо районалда гIумру гьабулел гIадамал!**

Районалъуладминистрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул депутатазул Собраниялъул, жамгIияб палаталъул ва дирго рахъалдасан ракI – ракIалъ баркула Нужеда Лъаязул Къо, ай цIияб цIалул сон байбихьи.

ГIадатияб букIинчIо араб цIалулаб сон нилъее. ГIемераб заманаялъ дистанционнияб къагIидаялъ цIализе ккана ва чIалгIун рукIун ратила нуж гIадатияб цIалул къагIидаялъухъ, жидерго классцоязухъ, школалъул учительзабазухъ.

Жакъа гIагарал школаз нуцIби рагьана нужеда цере. Дица ракI – ракIалъ гьарула нужее цIалулъ битIккей, чорхое щулияб сахлъи!

Биччанте гьаб цIалул соналъ нужее бачIине лъикIабщинаб, ралъадгIан гьелчолел пикраби ва бергьенлъаби!

**ХIурматгун Унсоколо районалъул бетIер**

**ГI. НурмухIамадов.**

## Шамильхъала школалда – 1 сентябрь



Киса – кибего гIадин нилъер гIаммаб лъай кьеялъул школазги тIоцебесеб сентябралъ рагьана цIалдохъабазе нуцIби. Районалдаса лъаязда хадур ана 3380 цIалдохъан.

**Ахир 2 гьум.**

Оперативный штаб Унцукульского района информирует!

## Проявите бдительность!

**На сегодняшний день от короновируса в мире умерло 814711 человек. Это на 5177 человек больше, чем вчера! Только вдумайтесь. Каждый день вирус уносит жизни 5 тысяч человек!**

**Уважаемые жители Унцукульского района!**

Ситуация с распространением короновирусной инфекции становится тяжелее с каждым днем. Количество больных растет, и в целях недопущения массового распространения смертельно-опасного вируса, вводится ряд ограничительных мер.

Оперштаб нашего муниципалитета настоятельно рекомендует:

- не посещать места массовых скоплений людей

- соблюдать меры предосторожности: носить маски, перчатки

- часто мыть руки

- пользоваться антисептиками, средствами дезинфекции

- не проводить торжественных мероприятий с большим количеством приглашенных (свадьбы, сватовство итд)

- не посещать похороны

- соблюдать дистанцию между людьми в 1,5-2 м.

Не пренебрегайте этими мерами профилактики!

Помните, что весной короновирус унес жизни почти миллиона людей по всей планете. В том числе большие потери были и в нашем районе.

**Проявите бдительность!**

Берегите свое здоровье и здоровье близких. Помните, что от вашей халатности могут пострадать люди.

Терроризм – экстремизм

## АТКялъул данделъи



31 августалда ГI. НурмухIамадовас тIобитIана АТКялъул данделъи. Гьенив гIахьаллъана РДялъул АТКялъул аппаратalъул вакил, РДялъул БетIерасул кумекчи С.Сайповги.

Къойил темаялде росун рукIана:

1. Терроризмаялъул рахъалдаги рукIун гIадлуялде цIарал гIадамазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьел цIидасан терроризмаялъул ишалде тIад руссунгутIиялъе гьарулел тадбирал.

2. 2020 соналъул 13 сентябралда цогояб гьаракь кьеялъул рищиял тIоритIиялде хIадурлъулаго хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе тадбирал гьари.

3. НАКалъул, РДялъул АТКялъул ва МО АТКялъулги хIукмаби тIуралел ругел куцалъул.

4. 2019 соналъул 5 сентябралда къватIибе бахъараб РФялъул № 1165 хIукмуялда рекъон бакIазул объектал, диниял организациял терроризмалъул хIинкъиялдаса цIуниялъул тIалабал тIуралел ругел куцалъул ва гьелъул гьабулеб хъаравуллъиялъул хIакъалъулъ.

5. Лъаязул праздниказул къоялъ общественнияб гIадлу – низам цIуни букIинабиялъул.

ГI. НурмухIамадовас къокъго бицана районалда оперативияб рахъалъ бугеб хIалалъул. Гьесул рагIабазда рекъон гьарун руго гIемерал тадбирал. БетIерас лъикIаб къимат кьуна терроризмалде данде чIараб комиссиялъ хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе гьабураб хIалтIуе, амма данделъиялда ругел ахIана жеги цIодорго рукIине ккеялде. «Жакъа терроризм гьукъиялъе гьабулеб хIалтIул хIасилал гьарулаго нилъер буго хIасил кьолеб хIалтIи. тадбирал гьарулаго данде рачарал бакIалъулал самоуправлениялъул, ихтияр цIунулел органазул, диниял учреждениязул цадахъаб хIалтIуца кумек гьабуна районалда терроризмалъул хIинкъи лъугIизабиялъе».

Жиндирго иргаялда С. Сайповги кIалъазе вахъана объектал сверухълъи, гIадамал терроризмалъул хIинкъиялдаса цIуниялъул суалалдасан. Гьес бихьизабуна районалъул территориялда хIалтIи гIуцIизе ккoлин киналго органазде мугъчIвайги гьабун.

Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъе лъикIаблъун бихьизабуна Лъаязул Къоялда ва рищиял тIоритIулаго общественнияб гIадлу – низам букIинабиялъул рахъги хIисабалде босун хIалтIи гIуцIизе.

Данделъиялъул ахиралда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна гьоркьор лъурал суалазда хурхун хIалтIи гьабуразе.

Комиссиялъул данделъи лъугIун хадуб С. Сайповас практикиябгун методикияб кумек гьабуна комиссиялъе ва бихьизабуна тIадехун рехсарал хIукмаби тIуразарулаго хIисабалде росизе ккoлел рахъал.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 34 (7435)
АрбагI
2 Сентябрь 2020 сон



ГIадатияб букIинчIо исанисеб 1 сентябрь, киса – кибего гIадин нилъер районалъеги. Я роха – хинлъиялъул линейка яги праздникаялъулаб ахIвал – хIал школазда букIинчIо. Коронавирусалъул инфекция букIине бегьи хIисабалдеги босун гьеб ана цIуниялъул рамкаялда жаниб. Бихьулеб букIахъе хадурккунги цIунизе ккезеги бегьула гьеб бахиналдаса ва хIалтIизаризе ккола цIуниялъулал къагIидаби.

Исана нилъер районалдаса школазде хьвадулел руго 3380 цIалдохъан.



# АЗСазул бетIергьабазулгун дандчIвай



31 августалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулгун дандчIвай букIана АЗС хIалтIизабулезулгун. ДандчIваялда гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалда бугеб ОМВДялъул начальникасул ишал тIуралев Н. Нажмудиновги.

АЗСазул бетIергьаби рачIун рукIана жидерго ругел захIмалъабазул бицине. 28 августалда газ бичиялдаса махIрум гьаруна гьел, гьеб бичиялъе лицензиял гьечIолъиялда бан.

Гьедин районалъул гIемерисел АЗСазда хIалтIи цIорон хутIана, гьезул бетIергьабазул рагIабазда рекъон цо бензин бичиялъ АЗСазда тIад унел харжал рецIуларо. Лицензия босулаго уна гIемераб заман ва хола цIикIараб къадар гIарцул.

Гара - чIвариялда ГI. НурмухIамадовас рагIи кьуна бугеб хIалалъухъ балагьилин, РДялъул нухмалъиялъулгун дандбан суал тIубазе хIаракат бахъилин. Гьенибго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна АЗСалъул бетIергьабаз намус бацIадго кьолин налогал. Гьеб гуребги багьаяб бензин босизе гIадамазул рес гIолеб гьечIин. «Гьединаб хIал нилъеца хIехьезе бегьуларо, гIадамазе гьелъул къварилъи буго, дица рагIи кьола нужее бугеб хIалалда гьорлъе ваккизе», - ян бихьизабуна муниципалитеталъул бетIерас.

## Шамильхъала школалда – 1 сентябрь

Гьаб цIалул соналъул байбихьи районалда ана гIадатияб гуреб къагIидаялъ, цониги школалда тIобитIичIо я линейка я гIадатияб праздникалъулаб ахIвал хIал. Гьединаб роцен нилъее чIезабуна коронавирусалъ.

Къокъго абуни школал хIалтIизе руго хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул низамалда. Гьединалго рихьизариял школазе гьарун руго Роспотребнадзоралъги.

Щибаб школалде ана райадминистрациялъул вакилзаби. Шамильхъалаялъул школалде 1 сентябралъ вачIун вукIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Гьенир цIалулел руго 730 цIалдохъан, гьездасан 71 цIалдохъан ккола гьанжего – гьанже школалде рачарал. Жеги 20 гьитIич рачине кколаан исана гьеб школалде. ГьабсагIаталда бахунеб вирасалъул унти букIиналъ гIемерисел эбел – инсуца гьел ритIичIо. Киналго лъималазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъазул хал гьабуна гьениб бетIерас.

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# ТЕРРИТОРИАЛЬНАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

**31.08.2020 г.** **пос. Шамилькала** **№ 66/120-4**

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**О прекращении полномочий членов участковых избирательных комиссий с правом решающего голоса**

В соответствии с п.п к п. 1 статьи 29 ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан РФ», территориальная избирательная комиссия Унцукульского района постановляет:

Прекратить полномочия членов участковой избирательной комиссии избирательного участка № 1498:

1. Магомедова Али Назирбеговича , выдвинутого ДРО ПП «Единая Россия»;

2.Исалаевой Рахимы Нухаевны, выдвинутой ДРО ПП «Города России»;

3.Абдулаева Абдулкарима Абдулвахидовича, выдвинутого ДРО ПП «Родина»;

4.Абдулаевой Муъминат Омаровны, выдвинутой, ДРО ПП «ЛДПР».

Избирательного участка № 1499:

1.Магомедова Гаджи Мухумаевича, выдвинутого ДРО ПП "Единая Россия";

2.Салихова Патаха Салиховича, выдвинутого ДРО ОО «ВСМС».

Опубликовать данное постановление в районной газете Садовод.

Контроль исполнения настоящего постановления возложить на секретаря комиссии Тагирову А.

**Председатель ТИК**
**Унцукульского района**
**Расулов А.**

**Секретарь ТИК**
**Унцукульского района**
**Тагирова А.**

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# ТЕРРИТОРИАЛЬНАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

**31.08.2020 г.** **пос. Шамилькала** **№ 67-121/4**

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

О назначении членов участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса из резерва составов участковой избирательной комиссии

В соответствии с п. 11ст. 29 ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 05.12.2012 года № 152/1137-6 «О порядке формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий»,Постановлением Избирательной комиссии Республики Дагестан от 23 мая 2013 года № 46/295-5 «О кандидатурах, зачисленных в резерв составов участковых комиссий, сформированных на территории Унцукульского района» территориальная избирательная комиссия Унцукульского района постановляет:

Назначить членами участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса избирательных участков:

№ 1498 «сельсовет Кахабросинский», Гаджиева Лабазана Магомедовича, выдвинутый ДРО ОО «ВСМС», Абдулмуслимова Муслима Дарбищмагомедовича, Гимбатову Зайнаб Гимбатовну, Магомедова Магомеда Назирбеговича, предложенных в резерв комиссии представительным органом МО «Сельсовет Кахабросинский»;

№1499 «село Бетли», Исалалиева Азиза Исаевича, выдвинутый ДРО ПП «ЛДПР»; Магомедова Алисканди Нурмагомедовича, выдвинутый представительным органом МО «сельсовет Кахабросинский».

Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Садовод»

**Председатель ТИК**
**Унцукульского района А.Р. Расулов**

**Секретарь ТИК**
**Унцукульского района А.М. Тагирова**

«100 школ» проекталда рекъон

# ГIабдурахIман ГIабдурахIманов – районалда

29 августалда районалде вачIун вукIана РДялъул экономикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министерасул зам ГI. ГIабдурахIманов. ХIалтIулаб сапаргун гьев щвана «100 школ» проекталда гьоркьобе ккун хIалтIи гьабулеб бугеб Унсоколо №1 гьоркьохъеб школаялде. Гьенир балагьулаго гьевгун цадахъ рукIана общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев.

БачIинахъего бихьизабизин; ремонталъулал хIалтIаби школалда церего лъугIана. Аслияб къагIидаялда гьарулел хIалтIабазул жавабиял рахъал рухьарал рукIана школалъул азбар квачIаялда, дренажнияб система лъеялда, туалетазда хинлъи чIезабиялда, гьел хIалтIаби гьал къоязда рагIалде рахъана.

Школалда гьарун ругел хIалтIабаздаса разиго хутIана ГI. ГIабдурахIманов ва гьенир хIалтIулезегун цIалулезе гьарана лъикIаб – щинаб.

Жиндирго иргаялда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна районалъе кумекалъе ватиялъухъ ГI. ГIабдурахIмановасе, гьарана гьесие сахлъигун талихI.



Ахихъан
Районалъул газета
№ 34 (7435)
АрбагI
2 Сентябрь 2020 сон



Садовод





# В Унцукульском районе состоялось августовское совещание педагогических работников



31 августа состоялось августовское совещание педагогических работников Унцукульского района. В этом году мероприятие прошло в режиме видеоконференцсвязи.

Такая мера была принята в рамках соблюдения мер предосторожности в связи с распространением короновирусной инфекции.

На совещании обсудили перспективные задачи развития образования в новом учебном году.

Всех участников ВКС поприветствовал глава муниципалитета Иса Нурмагомедов. Он отметил, что год был не простым для образовательных организаций из-за пандемии короновируса, поскольку всем школам пришлось перейти на дистанционный формат обучения. Однако, по словам руководителя администрации, школы с этим испытанием справились хорошо.

«Благополучие общества, его развитие, будущее во многом зависит именно от образования, - отметил Иса Магомедович. – Именно образование всегда было и будет одним из главных приоритетов развития нашей страны. Помните, что дети – это наше будущее. И все, что мы для них сегодня делаем – это лучшие инвестиции в развитие нашего общества».

Иса Нурмагомедов рассказал о проделанной за год в районе работе, о построенных объектах, финансировании, успехах школьников и многом другом.

«Уделяется огромное внимание руководством республики вопросу горячего питания учащихся младших классов. Поэтому в районе оборудовано 14 пищеблоков. Недавно представители администрации побывали во всех образовательных организациях и проверили состоящие пищеблоков, - рассказал глава района».

В этом году в Унцукульском районе 3380 учащихся. Из них 380 – первоклассники. «Давайте проявим максимальную осознанность в этот тяжелый период пандемии. Проследите, чтобы дети были в безопасности, - призвал Иса Нурмагомедов. - Учителя являются главной опорой страны, республики, района. И в условиях нового времени учителя вынуждены решать новые задачи. Я желаю вам успехов, сил, терпения! Берегите себя и берегите наших детишек!».

На совещании выступил и и.о. руководителя отдела образования Магомед Абдурахманов. Он рассказал, что Унцукульский район обеспечен педагогическими кадрами на 100 %. «Есть один педагог, который работает по программе «Земский учитель», - рассказал Магомед Гамзатович. – Успеваемость в школах высокая – 99%. Был даже результат на ЕГЭ 96 баллов. Работали дистанционно, и это было нелегко. Но мы справились».

С докладами выступили и руководители школ. Заместитель директора по УВР МКОУ «Унцукульская УСОШ№1» Нажават Алиева рассказала особенностях нового учебного года, отметив, что начинается новая эпоха в образовании – эпоха цифровых технологий и нового уровня мышления подрастающего поколения.

«Цифровая трансформация образования – это то, к чему всё идет. Все эти «новые возможности развития традиционного образования» каждый из нас испытал на себе в апреле и мае, - сказала Нажават Гамзатовна в своем выступлении. – И радует, что министр Просвещения РФ Сергей Кравцов в каждом своем выступлении подчеркивает, что ничто не заменит человеческого общения. Приоритет очного образования незыблем».

Она отметила, что интернет кардинально меняет институт детства и системы образования. Поэтому нужно принимать цифровую трансформацию образования, как сегодняшнюю реальность.

На совещании обсудили и другие вопросы.

## Встреча с представителями «Россетей»



В Унцукульском районе состоялась встреча главы муниципалитета Исы Нурмагомедова с руководителем Проектного офиса ПАО «Россети Северный Кавказ» Романом Боровских.

На встрече обсудили разные вопросы и проблемы, одна из которых - задолженность предприятий ЖКХ перед ПАО «Дагестанская энергосбытовая Компания».

В частности, обсудили долги ОЖКХ Унцукульского района (насосная посёлка Шамилькала) перед компанией. Глава района Иса Нурмагомедов отметил, что будет содействовать решению проблемы и снижению задолженности? В ходе встречи был выработан план мероприятий по решению поднятых проблем

## Акция «Внимание - Дети!»

В целях снижения тяжести последствий при ДТП, а также профилактике детского дорожно-транспортного травматизма не только на территории республики, но и в Унцукульском районе, с 28 августа по 11 сентября 2020 года проводится профилактическая акция «Внимание!Дети»!

ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району призывает водителей соблюдать правила дорожного движения, перевозить детей в детских удерживающих устройствах, и быть внимательными на пешеходных переходах!!!




## ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Унцукульский районный суд Республики Дагестан объявляет конкурс на замещение вакантных должностей:**

1. секретарь судебного заседания (в судебном составе п. Шамилькала Унцукульского района)
2. консультант суда (в судебном составе с. Мехельта Гумбетовского района)
3. секретарь суда (в судебном составе п. Шамилькала Унцукульского района)

С положением о работе Конкурсной комиссии, требованиям к участникам конкурса, а также с перечнем необходимых документов для участия в конкурсе Вы можете ознакомиться на сайте суда в разделе «кадровое обеспечение». Документы принимаются в течение 21 календарного дня со дня размещения объявления на сайте суда по адресу: 368930, Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта, ул. Имама Шамиля, д. 6, Унцукульский районный суд РД.

**Адрес сайта: untsukulskiy.dag.sudrf.ru**

Документы для участия в конкурсе принимаются ответственным за кадровую работу в суде (помощник председателя суда) с 15 час. 00 мин. по 17 час. 30 мин. в рабочие дни.

**Телефон для справок 8-87272-26-333**

# «ЦIализе лъугьине кумек гьабе» ва «ГIолилав - 2020» акциязда рекъон



1 августалдаса 15 сентябралде щвезегIан тIолабго Россиялда унеб буго акциял «Кумек гьабе, цIализе лъугине», «ГIолилал - 2020». Гьелда рекъон хал гьабулеб буго учеталда ругел санazде рахинчIел лъималазул бугеб хIадурлъиялъул, лъикIаб гьечIеб ахIвал – хIалалъул хьезариялъул хъизаназул лъималазул школалде рачиналде бугеб хIадурлъиялъул. Акция унеб буго РДялъул МВДялъул нухмалъиялда гъоркь.

Гьел акциял гIумроялде рахъинариялъул суал гьоркьоб лъун букIана нилъер муниципалитеталъул администрациялдаги 28 августалда. ОМВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул вакилзаби гьеб суалгун тIаде къабул гьаруна бетIерасул зам М. ХIамзатовас. Гьенир гIахьаллъана санaзде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ вед. специалист П. НурмухIамадова, лъай кьеялъул отделалъул вакил П. ХIажимухIамадоваги.

ГIахьалчагIаз дандрана гьабизесел хIалтIул план, материалияб рахъалъ лъикIаб хIал гьечIел хъизаназе кумек гьаби. Гьединал котегориязда ругел хъизаназе кумекги гьабулеб буго. ЦIалул сон байбихьилалде, захIматаб хIалалдаса рорчIиялъе жидее кумек гьабуралъухъ гьез баркала загьир гьабулебги буго.

Гьединго Унсоколо районалъул ОМВДялъул вакилзабаз ведомствоялда гьоркьосеб цадахъаб профилактикияб «Подросток – 2020» акцияги тIобитIулеб буго. Гьелда рекъон къватIир чIвазарулел руго гIолилазда гьоркьор ругел гIадло хвезабиялъул хIужаби, тадбирал гьарулел руго гьел такрарлъунгутIиялъе. Гьабулеб буго социалиябгун реабилитационнияб кумек. Тадбирал гьарулел руо цIалуде ва гIакъилаб гIумроялде гьединал лъимал руссинариялъе.



Гьанибго ракIалде щвезабизин; «Инсан» - кумекалъулаб фондалъул вакилзабазги гIемераб хIалтIи гьабулеб буго районалъул язихъаб яшавалда ругел хъизаназе кверчIваялъе, гьал къоязда гьединал хъизаназул эбел - эмен ва лъимал ахIун рукIана кафеялде, гьезие кьуна тIагIамаб квен ва гьабуна материалияб кумек.

## Нужедаса чIухIизе бачIана

РакIалдаго гьечIого цIа рекIана Унсоколо росулъ банкалъул азбаралда бугеб минаялда. Цоцада тIад сокIкIарал гIадал тIадехун ругел минабазе хIинкъи букIана гьелъул. Дица лъале – хъвалезухъе ахIана кумек хIажат бугилан. Чанго минуталде сверухълъи цIуна ансадерил гIолохъабазул.

Къо ккедал лъалин абула чи, битIухъе чIагояб сангаргIадин чIана цIадуде данде гьеб сордоялъ гIолохъаби, нусгоялдаса цIикIун чи вукIун ватила гьеб хIалалда цIагун кьеркьолел гIолохъабазул. Нижер ва сверухъ ругел мадугьалзабазул хIорахъа баччун лъим гьез цIадуде хвалчулеб букIана чердаказдеги рахун. МЧСалъул цIа свинабулел машинаби тIаде гIунтIизегIан цIикIараб зарал ккезе биччачIого ккуна гьез гьеб ва 2 сагIаталъ кьеркьана цIагун.

Жакъа районалъул «Ахихъан» газетаги гьоркьоб ккун баркала загьир гьабизе бокьун буго дие гьел васазе. Киналго гIолохъабазул цIарал дида лъаларо, лъала гьезие нухмалъи МаллахIума Сиражудиновас гьабулеб букIараблъи. БитIахъе бицани, доб сордоялъ нужедаса чIухIизе бачIана дир рекIелъе. Аллагьас нуж баллагьаздаса цIунаги, хадубккунги къо ккаралъур ратизе тавфикъги кьеги!

**Написат ГIабдурахIманова**

**цIа ккараб бакIалъул мадугьал.**

Тарбия кьей

## Кисан гIолилаз мисал босилеб?

Къойидаса къойиде дир пикроялда дида бихьулеб буго гIадамазулъ ургъел гьечIолъи, гьабулеб – толелъул тIаса – масаго балагьиялъул, цоцадехун хъачIлъиялъул, сабру гьечIолъиялъул, гIадан сан гьавунгутIиялъул, бугьтан - гьибат лъей ва гьел гурел цогидалги лъикIал гурел мисалал. Гьеб киназулго гIилла бугин ккола ва тола дица гьал телевизоралги, телефоналги, видеоялги, къватIире риччалел ругел батIи – батIиял журналал – газеталги.

Бихьизабулелъги, бугеб хIакъикъаталъги гIакълу биххизабулеб буго гIун бачIунеб гIелалъул. Рехсезин цо – чанго мисал: Интернет, телеканалаздасан бихьизабула бегьулебги – бегьуларебги, квешабги – лъикIабги, ракIалде ккарабщинабги. БитIарабищ – мекъабищ, мухIканабищ – тIекъабищ? Гьелъул хал гьабиго гьечIо, къимат кьейги халлъуларо. Киб бугеб доб цебе букIараб ритIухълъиги ракIбацIалъиги бицунелъе лъолеб низамги?

Щибаб къоялъ гIадин бихьизабулеб буго Россиялдаго лъикI лъалев актер Ефремовасул хIакъалъулъ. Гьес бачунеб машинаялъ чи чIваралъи лъалеб батила. ЧIварав чиясулги гьосул нахъе хутIаразулги ургъел гьечIо, гIемерисел творческиял хIалтIухъабазе, гьов Ефремов цIунулев вуго гIайиб бугониги. МухIканго бихьулеб букIана гьев гьекъон вукIаравлъи, куцго букIана гьесул гьекъолдухъанасул гIадаб. Ефремовасул рахъ ккураз абулеб буго эв лъикIав, тIокIав, актер вугин, эсие тамихI къвакIизабичIого бегьуларищ, - ян. КигIан цIакъав актер вукIа, спортсмен, политик, поэт вукIа, цин гъов унго – унгояв гIадан вукIине ккеларищ? Бокьараб аварияги ккун чи чIванани, гIайибияз абилагури жив рулалда нахъа вукIинчIилан. Закон цоясе цояб, цогидасе батIиябищ букIунеб?

Цоги мисал: Навальный, цIар арав политик – ай В.В. Путинида данде вугев чи хIисабалда вихьизабулев вуго телевидениялдасан, дунялалда тIокIав чи гьечIев гIадин. Унтарав чи, Германиялдаса самолетги ахIун, сах гьавизе дове вачун вуго. Цогидал унтизеги, хвезеги бегьулел руго, ав сахги гьавун, самолеталдаги рекIун рокьове щвезавизе кколев вуго.

Гьеле гьединал хIужабаз гIун бачIунеб гIелалъул гьира свинабулеб буго. РитIухълъиги, ракI бацIцIалъиги лъиего бокьула, амма жидедего тIаде къо ккараб мехалъ нахъегIан цула. ТIокIаб жо гьечIого телевидениялдасан гIемерисеб мехалъ бихьизабула творческиял гIадамазул хьвада – чIвадиялъул, гьезул хъизаназул къого - лъеберго сон бан хадуб ДНК гьабула лъил лъимерали чIезабизе, чангоязул гьабуниги гьелъул эменги ватуларо. ГIолилазе гьелъул кинаб мисал бугеб? Цониги лъикIаб хъизан щай бихьизабулареб гьез мисал босизе?

Нилъеца гIун бачIунеб гIелалда бихьизабизе ккола лъикIаб щинаб мисал, гурони гъол нилъедаса рикIкIалъула.

**Сулеман МухIамадов - захIматалъул ветеран**

### Лъазаби

1987 соналъул 1 июлалда ИштIибури микьго сонил школа лъугIиялъул рахъалъ ХIабибов Хизри Юсуповичасул цIаралда кьураб Г.№ 564724 аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 01.09.20 г. 17.30 фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках

Тираж - 1000 экз.